



## ***Konprann Egzanpsyon akòz Ijans Sante Piblik COVID-19 la***

---

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, Konsèy Rejan te apwouve egzanpsyon nan kondisyon pou elèv yo ka genyen yon diplòm lekòl segondè Eta New York.

Elèv yo bay yon egzanpsyon yo pa oblije pase egzamen espesifik sa a (yo) pou reponn ak kondisyon pou evalyasyon pou nenpòt kalite diplòm (lokal, Rejan oswa Rejan ak deziyasyon avanse). Elèv yo kenbe egzanpsyon an jiska gradyasyon yo oswa nan lè y ap kite lekòl segondè.



Enskri pandan ane lekòl 2019-2020 la oswa 2020-2021 an nan yon pwogram etid ki abouti nan yon Egzamen Rejan epi genyen kredi nan pwogram etid sa a

## ***So ak Andòsman***

---

Elèv yo ka toujou genyen tout kalite diplòm, so ak andòsman.

Egzanpsyon akòz COVID-19 ta dwe soti nan kalkil la. Si mwayèn yo kalkile nan nòt Egzamen Rejan yo egzije pou diplòm lan (pa egzansyon ladan) egal 90 oswa pi wo, elèv la resevwa andòsman onorab.

Nòt final klas elèv la pou chak egzamen Rejan yo egzante, yo pral ranplase l nan kalkil onè a. Si mwayèn yo kalkile Egzamen